



Pou Piblikasyon Imedya: 20/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEMANN POU PWOPOZYON POU DEVLOPMAN
LOJMAN ABÒDAB AK POU UTILIZASYON MIKS NAN 1024 FULTON STREET NAN
BROOKLYN**

***Sit ki vid depi lontan pral transfòme an lojman abòdab ak etablisman kominotè ki
konsantre sou granmoun aje yo***

***Yon pati nan vizyon odasye Gouvènè Hochul la pou abòde kriz lojman Eta
Nouyòk la atravè aksyon egzekitif; ki enkli inisyativ pou re-itilize sit eta a posede
yo antanke lojman***

***Demann pou pwopozisyon yo disponib [isit la](#); dat limit pou soumisyon an se 20
jen a 5:00 PM EST***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou redevlopman yon sit eta posede ki sitiye nan [1024 Fulton Street](#) nan katye Clinton Hill nan Brooklyn lan. Anviron 12,800 pye kare a, ke Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) lan posede kounye a, pral transfòme an yon devlopman lojman ki dinamik, pou itilizasyon miks, ki 100 pousan abòdab. Pwojè sa a fè pati vizyon Gouvènè Hochul pou adrese kriz lojman Eta Nouyòk la, ki gen ladann re-itilize sit eta ki pa itilize yo pou bay lojman abòdab ki nesèsè anpil. RFP a swiv yon vas pwosesis angajman kominotè ke Empire State Development (ESD) te dirije an patenarya ak ofisyèl eli lokal yo pou asire pwojè a satisfè bezwen katye pa yo. Aplikan yo ka wè dokiman Demann pou Pwopozisyon an [isit la](#) epi soumèt yon pwopozisyon bay ESD jiska 20 jen a 5 p.m. EST.

"Aprè plizyè dizèn ane nou rete vid, n ap bay yon nouvo lavi nan pwopriyete sa a epi n ap bay sa Nouyòkè yo bezwen plis: lojman abòdab ak ekipman kominotè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a reprezante angajman nou pou abòde kriz lojman an pandan n ap asire devlopman refilete priyorite rezidan lokal yo. Lè nou transfòme pwopriyete eta ki pa itilize ase yo an kay ki dinamik ak dirab, n ap kenbe pwomès nou pou n kreye kay ki pi abòdab atravè Eta Nouyòk."

Soti otòn jiska ivè 2024, ESD — an kolaborasyon ak Senatè Jabari Brisport, Manm Asanble Phara Souffrant Forrest, Manm Konsèy Crystal Hudson, Pwokirè Jeneral Letitia James, Manm Kongrè Hakeem Jeffries ak Prezidan Minisipalite Brooklyn lan

Antonio Reynoso — te òganize yon seri atelye vizyon kominotè pou rasanble kòmantè sou devlopman alavni sit la. Plis pase 150 manm kominote a te patisipe nan pwosesis piblik sa a ki te abouti nan yon [Rapò Vizyon Kominotè](#), ki te rezime bezwen ak priorite kle kominote yo.

RFP a esplike objektif devlopman konplè ki pral maksimize potansyèl sit la pandan y ap kreye enpak pozitif dirab pou kominote a. Pwopozisyon yo dwe demontre kijan yo pral aplike konklizyon [Rapò Vizyon Kominotè](#), bay 100 pousan lojman abòdab ak pri lwaye ki limite a 100 pousan Revni Medyan Zòn (Area Median Income, AMI), epi enkli yon sant kominotè pou granmoun aje oswa entèjenerasyonèl nan premye etaj la ki reponn dirèkteman a bezwen katye yo idantifye atravè pwosesis angajman piblik la.

1024 Fulton St. te vid depi 1997, lè OCFS te achte l nan men Vil Nouyòk ak entansyon pou devlope yon sant kominotè. Anvan OCFS te fè akizisyon li, pwopriyete a te sèvi kòm yon sal ekspozisyon pou Brooklyn Union Gas an 1912 epi pita te loje plizyè itilizasyon fabrikasyon ak komèsyal. Akòz pwoblèm estriktirèl, bilding lan rete san itilize pandan prèske twa deseni. Bilding nan sitiye nan yon katye ideyal pou devlopman ki oryante sou transpò piblik, nan yon ti distans ak plizyè enstitisyon edikatif ak plizyè liy tren ak otobis.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "RFP sa a reprezante angajman ESD pou lojman ak devlopman ekonomik ki baze nan kominote a. Lè nou transfòme pwopriyete sa a ki vid depi lontan an yon lojman abòdab ak yon etablisman kominotè, n ap kreye alafwa kay ak opòtinite pou katye Clinton Hill la. ESD rekonesan anvè patnè vil nou yo ke kolaborasyon yo te gen anpil valè pandan tout pwosesis sa a. Gwo angajman kominotè a asire devlopman sa a pral vrèman reflekte priorite lokal yo epi satisfè bezwen kominote a."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk (New York State Homes and Community Renewal) la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Redevlopman [1024 Fulton Street](#) montre angajman Gouvènè a pou itilize pwopriyete eta posede yo pou kreye lojman abòdab pou itilizasyon miks nan Brooklyn ak atravè eta a. Jiska 100 kay pral benefisye de kay abòdab ak yon sant kominotè ki pral reyini moun tout laj ansanm epi ajoute nan dinamik katye Clinton Hill la. Reutilize pwopriyete ki vid yo an kote ki estab, abòdab kote moun ka viv alèz, leve fanmi yo, epi kreye souvni se yon bon bagay pou rezidan yo ak tout kominote a. Nou pa ka tann pou nou wè [1024 Fulton Street](#) vini dinamize."

Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta Nouyòk Doktè DaMia Harris-Madden, te deklare, "Lojman abòdab pa sèlman yon nesosite – li se fondasyon pou yon lavi ki estab, kote chak fanmi ka pwospere epi bati yon avni dirab. OCFS fyè pou l sipòte inisyativ inovan Gouvènè Hochul la pou rekonstwi pwopriyete ki pa itilize ase epi ki vid, tankou [1024 Fulton Street](#), ki pral kiltive estabilite finansye epi ankouraje chemen pou Nouyòkè yo bati koneksyon nan kominote pa yo."

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta Nouyòk la, Jeanette Moy, te deklare, "RFP sa a se yon etap enpòtan nan direksyon pou kreye yon espas ki gen plizyè objektif ke moun ki abite nan katye Clinton Hill nan Brooklyn ka rele lakay yo epi itilize kòm yon lye reyinyon. OGS rete angaje l pou avanse vizyon Gouvènè Hochul pou re-itilize pwopriyete eta posede ki pa itilize ase pou adrese bezwen kominote yo pandan y ap ogmante rezèv lojman abòdab, epi nou fyè pou nou travay ak ESD pou nou pave wout pou pwojè sa a ke yo t ap tann dire lontan nan [1024 Fulton Street](#)."

Pwokirè Jeneral Nouyòk la, Letitia James te deklare, "Aksè ak lojman abòdab se yon dwa moun debaz. Nouvo devlopman lojman abòdab sa a benefisye tout rezidan nan Brooklyn, espesyalman granmoun aje nou yo, epi li asire ke moun ki vle gen aksè ak yon lojman ki an sekirite ak abòdab pral gen opòtinite sa a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Empire State Development, ak lòt ofisyèl eli yo pou efò yo fè pou travay ak manm kominote lokal yo epi pou transfòme sit sa a an yon etablisman ki benefisye tout kominote a."

Senatè Eta, Jabari Brisport, te deklare, "Pandan prèske 30 ane bilding piblik sa a te rete vid; Mwen tèlman fyè de fason kominote nou an te reyini ansanm pou chanje sa. Atravè kolaborasyon nou ak Manm Asanble Phara Souffrant Forrest ak Empire State Development, distri nou an te kapab fason avni bilding sa a. Ansanm nou te asire ke li pral bay kalite lojman abòdab ki limite jentifikasyon ak ede pwoteje estabilite nan kominote vibran nou an."

Manm Asanble Phara Souffrant Forrest, te deklare, "[1024 Fulton Street](#) te vid pandan plizyè deseni alòske rezidan Clinton Hill yo te deplase akòz pri lwaye ki te ogmante rapidman. Mwen fyè dèske mwen ak patnè mwen yo nan gouvènman an te kapab kòmanse pwosesis redevlopman sit enpòtan sa a epi asire yon devlopman 100 pousan abòdab ki reponn ak bezwen kominote a. Mwen espere kontinye kolaborasyon ak manm kominote a ak administrasyon an pou asire ke pwojè sa a kapab loje fiti rezidan yo nan Clinton Hill pou dè deseni k ap vini yo."

Manm Konsèy Vil Nouyòk Crystal Hudson, te deklare, "Mwen kontan dèske nou finalman rive nan yon etap pi pre pou wè pwopriyete eta ki vid epi ki neglije sa a vin tounen yon lojman abòdab ki nesèsè anpil ak espas kominotè pou granmoun aje yo. Lè yo pibliye RFP sa a epi santre 100 pousan lojman abòdab ak espas entèjenerasyonèl, li klè ESD te pran demann kominote yo oserye epi li konsantre sou konbat kriz doub lojman abòdab nou yo ak echèk pou envesti pwofondman nan granmoun aje nou yo menm si popilasyon granmoun aje vil nou an pral ogmante a kat pousan an 2040. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye fè patenarya ak ESD pou pèmèt pwojè vital sa a vin reyalyte."

Avanse Ajanda Lojman Konplè Gouvènè Hochul la

Pwojè a bati sou vizyon odasye Gouvènè a pou elaji rezèv lojman eta a atravè mezi inovan tankou [Pwogram Kominote ki an Favè Lojman an](#) ak [Dekrè Egzekitif 30](#), ki ankouraje solisyon ki brize baryè pou akselere devlopman ki nesèsè anpil la. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 25 la, Gouvènè Hochul te jwenn akò enpòtan ki gen ladann nouvo

ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, soulajman sible pou kreye lojman adisyonèl nan Vil Nouyòk, ak yon fon kapital 500 milyon dola pou devlope jiska 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a. Yon lòt 600 milyon dola nan finansman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyete kay yo souliye angajman Gouvènè a pou abòdabilite ak ekite.

Efò sa yo baze sou Plan Lojman 25 milya dola pou senk ane Gouvènè a pou ane fiskal 23 a ki vize pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab — ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo — ak elektrifye yon lòt 50,000 inite. Jiska prezan, yo deja kreye oswa konsève plis pase 55,000 kay nan kad inisyativ sa a. Bidjè Ane Fiskal 25 la te ranfòse tou Pwogram Kominote an Favè Lojman an, ki fè Sètifikasyon an Favè Lojman an vin yon kondisyon preyalab pou minisipalite yo jwenn aksè ak jiska 650 milyon dola nan finansman diskresyonè. Kounye a, yo deja sètifye 290 kominote, ki gen ladan Vil Nouyòk — ki reflekte yon angajman k ap grandi nan tout eta a pou adrese bezwen lojman enpòtan Nouyòk yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)